



Pou Piblikasyon Imedya: 24/08/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN PREMYE JOU ANTRE AN FONKSYON L, GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON PLAN KONPLÈ POU EDE ASIRE YON RETOU AN TOUT SEKIRITE AK YON RETOU PWODIKTIF NAN LEKÒL YO OTÒN SA A

Li Bay Depatman Sante Lòd pou Etabli yon Egzijans pou Tout Moun Mete Mask nan Tout Lekòl yo

Gouvènè a ap Chèche Opsyon pou l Enpoze Anplwaye Lekòl yo Vaksinen

Li Itilize \$585 Milyon Dola nan Fon Federal yo an Patenarya ak Konte yo e ak BOCES pou Lanse Pwogram Tès COVID-19 Nan Lekòl yo

Li Etabli Lòt Pwogram Tès pou Rantre Lekòl la an Patenarya ak Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Rite Aid ak BioReference, epi Li Achte Plizyè Milyon Mask pou Elèv ak Edikasyon yo

Nan premye jou antre an fonksyon l, Gouvènè Kathy Hochul anonse yon nouvo plan konplè pou ede asire yon retou an tout sekirite ak yon retou pwodiktif nan lekòl yo otòn sa a nan moman varyan Delta a ap lakòz ogmantasyon ka COVID-19 yo. Nan kad plan sa a, Gouvènè Hochul bay Depatman Sante Eta New York lòd pou etabli yon egzijans pou tout moun mete mask nan tout lekòl, piblik ak prive yo, selon sa yo detèmine ki nesèsè sou diskresyon Komisyonè a. Depatman Sante ap pibliye egzijans lan atravè yon mezi règlemantè ke Konsèy Sante Piblik ak Planifikasyon Sante te etabli.

Gouvènè Hochul ap chèche tou opsyon pou l enpoze vaksen yo pou anplwaye lekòl yo oswa egzije yo fè tès chak semèn nan ka yo pa vaksinen, epi l ap kontinye travay ak Depatman Sante, ak pati konsène yo nan domèn edikasyon an ak Kò Lejislatif la pou etabli lòd ofisyèl la.

"Antanke Gouvènè, se priyorite popilasyon New York la ki se priyorite m kounyeya - e nan moman sa a priyorite a se lite kont varyan Delta a," **sa a se deklarasyon Gouvènè Kathy Hochul te fè.** "Pryorite nimewo en mwen se pèmèt timoun yo tounen lekòl epi pwoteje anviwònman an pou yo ka aprann an tout sekirite. San pèdi tan, mwen bay Depatman Sante lòd pou l etabli egzijans pou tout moun k ap rantre nan lekòl nou yo mete mask, e n ap lanse yon pwogram tès COVID-19 pou Rantre Lekòl la pou pèmèt tès disponib e aksesib toupatou pou elèv ak anplwaye yo. N ap travay tou pou n egzije tout pèsònèl lekòl yo vaksinen ak yon opsyon pou yo fè tès chak semèn, e se nan travay an patenarya ak tout nivo gouvènman an ke nou pral akonpli tout bagay sa yo."

Pou ede asire ke tès yo disponib pou elèv yo lè yo tounen lekòl, Gouvènè Hochul ap itilize \$335 milyon dola nan fon federal yo pou lanse nouvo Pwogram Tès COVID-19 nan Lekòl yo an patenarya ak depatman sante lokal yo ak BOCES nan Eta New York andeyò Vil New York. Anplis de sa, Vil New York te resevwa \$225 milyon dola dirèkteman pou kòmanse yon Pwogram Tès COVID-19 nan Lekòl yo la, pou yon total \$585 milyon dola nan bidjè federal nan Eta New York pou sipòte pwogram sa yo.

Gouvènè Hochul te lanse tou yon lòt pwogram tès COVID-19 pou rantre lekòl la an patenarya ak Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, Rite Aid ak BioReference pou pèmèt tès yo pi disponib tout kote pou elèv lekòl piblik Eta New York yo avan ane lekòl 2021-2022 a kòmanse.

Randevou pou tès yo ap disponib pou elèv New York ki nan klas Jadendanfan jiska klas 12yèm ane (K-12) nan 115 pwen sèvis ovolan Rite Aid yo. Elèv yo oblije [enskri davans sou entènèt](#) epi pwograme yon entèval lè pou fè tès yo. Elèv ki gen laj 17 lane oswa mwens yo dwe gen konsantman paran oswa responsab legal yo epi yon responsab dwe akonpaye yo nan moman tès la nan pwen sèvis ovolan an. Y ap remèt paran yo rezilta dijital yo pou elèv yo ka pote yo nan lekòl la. Tès COVID-19 la volontè e y ap bay fanmi elèv la li ni distri lekòl la, gratis.

Anplis de nouvo pwogram tès sa yo, Eta New York dispoze de plis pase 4.3 milyon mask fasyal dimansyon pou timoun, anviwon 10 milyon mask fasyal dimansyon pou adilt ak apeprè 55 milyon mask fasyal non-chirijikal pou bay elèv ak pwofesè nan lekòl nan tout eta a.

Doktè Howard Zucker, ki se Komisyònè Sante Eta a te di, "Pi gwo priyorite nou se ede asire sante ak sekirite elèv ak edikatè nou yo pandan n ap travay ansanm pou nou konbat COVID-19. Depi nan kòmansman mwa Jiyè, ka COVID-19 nan New York yo te miltipliye pa 10 e 95 pousan nan sekans ka pozitif yo te konfime yo se varyan Delta. Selon ensidans ak prevalans yo, rezilta nou yo demontre nesosite ki genyen pou nou mete sou pye estrateji prevansyon a plizyè nivo, sa gen ladan egzijans pou mete mask. Byenke se yon senp mezi prevansyon, egzije mask kounyeya enpòtan anpil pou pwoteje sante timoun nou yo epi asire nou ka fè elèv nou yo tounen nan lekòl yo otòn sa a."

Doktè Betty A. Rosa, ki se Komisyònè Edikasyon te di, "Depi nan kòmansman pandemi an, sante ak sekirite elèv, pwofesè ak pèsònèl lekòl nou yo se pi gwo priyorite nou. Ak ogmantasyon ka varyan COVID toupatou nan eta a, aksyon Gouvènè Hochul, te pran apre konsiltasyon avèk edikatè yo, demontre angajman li nan pwoteje sante ak byennèt elèv nou yo ak enpòtans pou kenbe lekòl nou yo louvri. Depatman Edikasyon Eta a sipòte aplikasyon koyeran ki egzije mask nan lekòl yo, pou fasilite reyouvèti lekòl la ak yon liy defans komen kont pwopagasyon varyan COVID la. Mwen espere kontinye kolaborasyon nou avèk Gouvènè Hochul pou sipòte objektif komen nou genyen an ki se elaji opòtinite edikasyon yo pou tout Nouyòkè."

Lester W. Young Jr, ki se Chanselye Konsèy Administrasyon an te di, "Konsèy la avè m ap felisite Gouvènè Hochul dèske li sipòte epi pwoteje elèv ak pwofesè yo ak yon obligasyon pou tout moun mete mask nan lekòl yo ki nan tout eta a. Nou dwe fè tout sa ki nan pouvwa nou pou limite transmisyon COVID nan lekòl nou yo pou elèv yo kontinye resevwa ansèyman an pèsòn pandan tout ane lekòl la. Lè nou egzije pou elèv, pwofesè ak anplwaye yo mete mask se bon bagay pou fè pou tout Nouyòkè yo."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)